



Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SENK LÒT TOUNE EKOUT POU FÈ AVANSE LWA SOU OBLIGASYON ANVIWÒNMANTAL POU DLO PWÒP, LÈ PWÒP AK TRAVAY VÈT LA**

*Premye nan 10 sesyon ekout an pèsòn ak vityèl yo pral kòmanse nan Buffalo 30 me*

*Opòtinite finansman inik nan yon jenerasyon pral amelyore ak pwoteje kominate yo atravè eta a*

*Benefis yo gen ladan fè avanse jistis anviwònmantal, diminye chanjman klimatik, kreye djòb ak pwoteje sante piblik*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a detay yo pou senk pwochen lokal yo nan toune ekout edikatif nan tout eta a pou avanse Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) la ki koute 4.2 milya dola a. Lwa sou Obligasyon an ke elektè yo te apwouve an mas otòn pase a, prioyize envestisman nan jistis anviwònmantal, rediksyon chanjman klimatik, restorasyon bò rivaj, rezistans fas ak inondasyon, kalite dlo, konsèvasyon espas ouvè, resous Iwazi ak travay vèt. Toune a bay yon opòtinite pou piblik la ak potansyèl aplikan pou finansman yo aprann plis sou Lwa sou Obligasyon an epi yo ap devlope kritè kalifikasyon pwojè yo pou idantifye pwojè potansyèl yo.

"Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la pral vrèman transfòmatif pou kominate nou yo epi mwen pa ka tann pou mwen kòmanse sesyon ekout sa yo semèn pwochèn ak arè atravè eta a pandan tout ete a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Toune ekout la pral yon zouti pou ede Eta New York konbat chanjman klimatik epi devlope ekonomi nou an nan bay yon opòtinite pou diskite sou pwojè fiti ki pral kreye travay, pwoteje anviwònman an, amelyore kalite lavi, epi kite benefis dirab pou kominate nou yo."

Premye sesyon ekout la te [anonse pa Gouvènè a pandan Semèn Latè a](#) epi li pral fèt 30 me, apati 1 rive 3 p.m. nan Center for Tomorrow (Sant Pou Lavni) University at Buffalo (Univèsite Buffalo) a.

Pwochen etap sesyon toune ekout yo enkli:

- **New York Santral:** 8 jen, soti 1 rive 3 p.m nan aswè, State University of New York Cortland, Corey Union Function Room
- **North Country:** 14 jiyè, 1 rive 3 p.m., North Country Community College, Sparks Athletic Complex Alumni Gymnasium
- **Reyon Kapital:** 20 jiyè, 1 rive 3 p.m., University at Albany, Campus Center Auditorium
- **Lower Hudson:** 15 out, 1 rive 3 p.m., Westchester County Center, Little Theatre
- **Long Island:** 24 out, 1 rive 3 p.m., Suffolk County Community College, Suffolk Credit Union Arena

Yo ap finalize plis detay pou de lokal Vil New York nan Bronx ak Brooklyn, ansanm ak de reyinyon vityèl. Yo pral anonse reyinyon sa yo byento.

Pou enskri pou nenpòt nan sesyon sa yo, vizite [www.ny.gov/bondact](http://www.ny.gov/bondact).

Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt istorik la se pi gwo obligasyon anviwònmantal nan istwa eta a epi se premye nan New York depi 1996. Lwa sou Obligasyon an pral mete 4.2 milya dola disponib pou pwojè anviwònmantal ak kominotè ki sipòte tou kreyasyon djòb ak yon gwo envestisman nan inisyativ Lekòl Vèt Pwòp yo ki pral sèvi plis pase 1,000 lekòl piblik ki pa gen ase resous. Lè nou rekonèt popilasyon vilnerab yo afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl akòz enpak negatif sou anviwònman ak chanjman klimatik, omwen 35 poustan, ak yon objektif 40 poustan, nan benefis Lwa sou Obligasyon yo pral dirije nan direksyon kominote ki defavorize yo.

Espesyalman, Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la otorize:

- 1.5 milya dola pou rediksyon chanjman klimatik;
- 1.1 milya dola pou restorasyon ak rediksyon risk inondasyon;
- 650 milyon dola pou amelyorasyon nan kalite dlo ak enfrastrikti rezistan; epi
- 650 milyon dola pou konsèvasyon ak lwazi nan espas ouvè
- 300 milyon dola pou pwojè adisyonèl nan nenpòt nan kat gwo kategori yo

Ajans yo nan eta a, gouvènman lokal yo, ak patnè yo pral kapab jwenn aksè nan finansman Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la nan yon pwosesis ki dire plizyè ane. Pandan Semèn Latè mwa pase a, Gouvènè Hochul te anonse premye disponiblite finansman Lwa Obligasyon an ki, lè yo konbine avèk sous finansman eta ki egziste deja, totalize 425 milyon doal ki disponib nan finansman sibvansyon pou dlo eta a. Aplikasyon yo dwe fèt anvan 28 jiyè epi ou ka jwenn plis enfòmasyon nan [efc.ny.gov/wiia](http://efc.ny.gov/wiia).

Kounye a yon gwoup travay ant plizyè ajans ap idantifye bezwen pou finansman anviwònmanal atravè eta a epi devlope lojistik pwogram pou aplikasyon Lwa sou Obligasyon an. Toune ekoute edikatif la pral angaje pati konsène sa yo ak lòt Nouyòkè

ki enterese yo pou yo aprann sou kalite pwojè Lwa sou Obligasyon an kapab sipòte epi kòmanse diskisyon sou kritè kalifikasyon pou fè avanse finansman.

Toune ekout edikatif la se yon pati nan angajman Eta a pou yon pwosesis kolaboratif ak transparan nan fason yo bay fon Lwa sou Obligasyon yo. Sesyon yo pral gen ladan yon prezantasyon sou Lwa sou Obligasyon an ak yon opòtinite pou diskisyon youn a youn avèk ekspè Eta a. Rankont yo pral ouvè pou publik la.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klimatik la, Basil Seggos, te deklare,** "4.2 milya dola Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la pral yon resous fòmidab pou gouvènman Eta ak lokal yo, òganizasyon kominotè yo, ak anpil lòt moun ki gen enterè k ap avanse pwojè pou pwoteje resous natirèl nou yo epi fè yon diferans nan lavi moun ki gen plis fado polisyon ak klima k ap chanje nou an. DEC pa ka tann pou I rejwenn patnè ajans nou yo nan sesyon sa yo pou I tandé Nouyòkè yo epi diskite sou gwo avantaj alontèm Lwa sou Obligasyon an pou anviwònman, kominote ak ekonomi eta a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York ak Ko-prezidan Konsèy sou Klima Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Toune ekout Lwa sou Obligasyon an se yon opòtinite pou nou tandé dirèkteman Nouyòkè yo konsènan priyorite chanjman klimatik ak enèji pwòp yo ta renmen ki jwenn sipò atravè finansman enpòtan sa a - ki gen ladan nan kominote ki defavorize yo. Mwen pa tann opòtinite sa a nan tout eta a pou rasable enfòmasyon ak refleksyon ki baze sou solisyon sou fason ki pi bon pou aplike finansman sa a nan avantaj rezidan yo jodi a ak alavni."

**Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare,** "Toune ekout Lwa sous Obligasyon an se yon gwo opòtinite pou konekte ak gouvènman lokal yo, patnè kominotè yo ak moun ki soti toupatou nan eta a pou tandé ide yo ak opinyon yo sou kalite pwojè anviwònmantal ki pral pi enpòtan pou kominote pa yo. Mwen pa ka tann diskisyon sa yo epi kontinye avanse Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la pou ankouraje yon anviwonman pwòp, avanse jistis anviwònmantal, adrese chanjman klimatik, epi elaji aksè ak lwazi deyò ki an sante."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal, Maureen A. Coleman, te deklare,** "EFC kontan anpil pou I angaje ak moun ki gen enterè yo konsènan gwo finansman k ap disponib pou pwojè enfrastrikti dlo enpòtan yo. Nou pral avanse angajman Gouvènè Hochul pou jistis anviwònmantal lè nou asire ke yo bay kominote ki pi bezwen li yo dola sa yo."

**Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare,** "Sipò ekrazan nou te wè nan men elektè yo pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la se yon vrè temwayaj sou angajman Nouyòkè yo pran pou pwoteje anviwònman pa yo. 4.2 milya dola nan finansman an prale nan pwojè ki pral konbat efè chanjman klimatik yo, kwape polisyon, amelyore kalite lè ak dlo nan kominote nou yo, epi pwoteje resous natirèl nou yo pou jenerasyon k ap vini yo. Toune ekoute sa a pral

pèmèt yo pran an konsiderasyonmanm kominote nou yo nan pwosesis pou pran desizyon an epi aprann plis sou gwo avantaj lejislasyon sa a pral bay."

Gen plis enfòmasyon sou Lwa sou Obligasyon an ki disponib nan [www.ny.gov/bondact](http://www.ny.gov/bondact).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)